दिन–शुक्रवार दिनांक–05.04.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्य निर्वाचन आयुक्त राजीव कुमार मतदान प्रतिशत बढ़ेबाक लेल चुनल गेल जिलाक निगम आयुक्त आओर चुनाव अधिकारी सभ के मतदान केन्द्रवार कार्ययोजना बनेबाक लेल जनौलनि अछि। ओ शहरी आओर ग्रामीण क्षेत्र लेल फराक–फराक कार्यनीति बनेबाक लेल जनौलनि अछि। मुख्य निर्वाचन आयुक्त आइ नव दिल्ली मे बिहार सहित एगारह राज्यक निगम आयुक्त आओर चुनाव अधिकारी सभक संग बैसार कयलनि, जतए पछिला चुनाव मे मतदाता सभक भागीदारी कम रहल छल। बैसारक उद्देश्य ई लोकसभा चुनाव मे मतदान प्रतिशत बढ़ेबाक अछि। मुख्य निर्वाचन आयुक्त अधिकारी सभ के एहि तरहें काज करबाक लेल जनौलनि अछि जाहि सँ मतदाता सभ लोकतंत्रक महापर्व मे भाग लेबय सँ गौरवान्वित होइथ। ओ एहेन प्रयास करबाक लेल जनौलनि जाहि मे लोकसभ मतदान लेल स्वयं प्रेरित होइथ। ओ जनौलनि जे पछिला चुनाव मे कम मतदानवला दू सय पन्द्रह ग्रामीण आओर एकावन शहरी संसदीय क्षेत्रक पहिचान कयल गेल अछि, जतए मतदाता सभक भागीदारी बढ़ेबाक लेल प्रयास कयल जायत। एहि लेल ओ मतदान केन्द्र पर सुविधा बढ़ायब, लक्षित ढंग सँ मतदाता धरि पहुँचब आओर लोकसभ के प्रोत्साहित करए पर जोर देलनि। बिहारक किछु चुनल गेल जिलाक चुनाव अधिकारी सभ विचार–विमर्श मे छलाह।

---

कांग्रेस लोकसभा चुनाव लेल घोषणा पत्र जारी कऽ देलक अछि। पार्टी अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे आओर वरिष्ठ नेता सोनिया गाँधी आ राहुल गाँधी आइ नव दिल्ली मे घोषणा पत्र जारी कयलनि। एहि मे हरेक दिन चारि सय टाकाक न्यूनतम मजदूरीक गारंटी, सभ गरीब परिवार के हरेक साल एक लाख टाका, केन्द्र सरकारक नोकरी मे महिला सभ लेल पचास प्रतिशत सीटक आरक्षण, न्यूनतम समर्थन मूल्यक कानूनी गारंटी आओर राष्ट्रीय स्तर पर जाति आधारित जनगणनाक वादा अछि। कांग्रेस अगिला दशक मे तैईस करोड़ लोकसभक जिनगी मे सुधार आनि कऽ गरीबी समाप्त करबाक सेहो वादा कयलक अछि।

---

छबीस अप्रैल कऽ होयवला लोकसभा चुनावक दोसर चरण मे किशनगंज, कटिहार, पूर्णियां, बांका आओर भागलपुर संसदीय क्षेत्र मे आइ नामांकन पत्रक जाँच कयल गेल। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी कार्यालय सँ भेटल जनतबक अनुसार एहि सभ ठाम एकतीस नामांकन पत्र रद्द कयल गेल अछि। ई सभ क्षेत्र सँ छियासी उम्मीदवार सभ नामांकन पत्र भरने छलाह। सभ सँ बेसी दस नामांकन पत्र कटिहार लोकसभा क्षेत्र मे रद्द कयल गेल। ओतहि, बांका मे नओ, भागलपुर मे आठ आओर पूर्णिया मे चारि नामांकन पत्र रद्द भेल अछि। किशनगंज मे सभ उम्मीदवारक नामांकन सही पाओल गेल अछि। नामांकन पत्रक जाँचक बाद कटिहार सँ दस, पूर्णिया मे सात, भागलपुर मे तेरह, बांका मे दस आओर किशनगंज मे पन्द्रह उम्मीदवार सभ चुनावी मैदान मे रहि गेलाह अछि। एहि सभ ठाम आठ अप्रैल धरि उम्मीवार सभ नाम वापिस लऽ सकैत छथि।

———————————————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता आओर राज्य सरकारक मंत्री महेश्वर हजारीक पुत्र सन्नी हजारी आइ कांग्रेस मे शामिल भऽ गेलाह। पटना मे आयोजित समारोह मे ओ पार्टीक प्राथमिक सदस्यता लेलनि। चर्चा अछि जे कांग्रेस हुनका समस्तीपुर लोकसभा क्षेत्र सँ ठाढ़ करत।

———————————————————————————

विकासशील इंसान पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष मुकेश सहनी आइ इंडी गठबंधन मे शामिल भऽ गेलाह। पटनाक राजद कार्यालय मे आयोजित संवाददाता सम्मेलन मे एकर घोषणा कयल गेल। मुकेश सहनी के राजद लोकसभाक तीन सीट देलक अछि। ई सीट अछि–झंझारपुर, गोपालगंज आओर पूर्वी चंपारण। एहि अवसर पर संवाददाता सभ सँ गपशप मे राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव जनौलनि जे मुकेश सहनी हुनक पैघ भाई जेहेन छथि आओर ओ लोकसभक बिच निक काज कयलनि अछि।

———————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति इंटरमीडिएट परीक्षाक उत्तर पुस्तिकाक स्क्रूटनी लेल ऑनलाईन आवेदनक करबाक अंतिम तिथि सात अप्रैल धरि बढ़ा देलक अछि। पहिने अंतिम तिथि चारि अप्रैल छल।

———————————————————————————

आइ रमजानुल मुबारकक अंतिम जुमा अछि। एहि के अलविदा जुमा सेहो कहल जायत अछि। एहि अवसर पर राजधानी पटना सहित राज्यक सभ जामा मस्जिद मे नमाजि आओर श्रद्धालु सभ नमाज–ए–जुमा अदा कयलनि आओर शांति, प्रेम आ सौहार्दक दुआ मांगलनि।

———————————————————————————

राजधानी पटना सहित पूरा प्रदेशक तापमान बढ़ि रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बिच नओ शहर–औरंगाबाद, बांका, भोजपुर, सीवान, नवादा, रोहतास, खगड़िया आओर गोपालगंजक अधिकतम तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस सँ बेसी रहल। ओतहि, एहि बिच बियालीस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग बक्सर प्रदेशक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। राजधानी पटनाक अधिकतम तापमान उनचालीस डिग्री सेल्सियस रहल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला दू दिनक बिच राज्यक अधिकतम तापमान दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस आओरो बढ़ि सकैत अछि।

———————————————————————————

अररिया जिलाक सीमावर्ती सोनामनी गोदाम क्षेत्र मे पुलिस आओर एस.एस.बी. छापामारि कऽ एक सय पाँच किलो गांजाक संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।